8 a 12 Mwa

Tibebe ki nan Tete
4 a 6 fwa ou plis pou li tete pa jou

Tibebe ki nan Fòmil
6 a 8 ons fòmil a chak repa
4 a 5 repa pa jou pou 8 a 10 mwa d'aj
3 a 4 repa pa jou pou 10 a 12 mwa d'aj
total de 24 a 32 ons fòmil pa jou

Kantite Manje pa Jou
Sereyal Bebe:
4 a 8 kiyè atab ou plis sereyal deja prepare pa jou
Kòmanse ak sereyal grenn antye e sereyal grenn melanje.

Lòt Grenn: biswit sèk, pen ble antye griye, vèmisèl, diri mawon, granil ak tòtiya mou an moso
¼ koup—2 fwa pa jou

Legim: ¼ a ½ koup—2 a 3 fwa pa jou

Fwi: ¼ a ½ koup—2 a 3 fwa pa jou

Letye: yogout ak fwomaj koupe an ti kare ¼ koup—1 a 2 fwa pa jou
Tann jiskaske tibebe-w gen 1 an pou ba li lèt antye.

Manje Ki Gen Pwoteyin: vyann mèg kwit, poul, kodenn, pwason, pwa, jòn ze oswa tofou ¼ koup—1 a 2 fwa pa jou
Tann jiskaske tibebe-w gen 1 an pou ba li manje blan ze ak kristase tankou kribich, paloud, krab, kokiy ak zwit.

Dlo Tibebe ki gen plis pase 6 mwa d'aj ki ap manje yon varyete de manje kapab bezwen anviwon 4 a 8 ons dlo pa jou. Kapab gen lè kote tibebe-ou ap bezwen bwè plis dlo. Tcheke avèk founisè swen sante tibebe-ou a pou plis enfòmasyon.

Ji Fwi pa rekòmande pou tibebe ki poko gen 12 mwa.

Egzanp Plan de Repa Chak Jou
Bonè nan Maten
- bay tete **oswa** bay 6 a 8 ons fòmil

Mitan Maten
- 4 a 8 kiyè atab sereyal prepare **oswa** avwàn
- ¼ a ½ koup fwi

Repa Midi
- bay tete **oswa** bay 6 a 8 ons fòmil
- ¼ a ½ koup legim
- ⅛ a ¼ koup manje ki gen pwoteyin

Mitan Aprèmidi
- bay tete **oswa** bay 6 a 8 ons fòmil
- biskwit sèk oswa pen ble antye griye
- fwomaj mou **oswa** yogout

Soupe
- ¼ a ½ koup legim
- ⅛ a ¼ koup manje ki gen pwoteyin
- ¼ a ½ koup fwi
- ¼ koup grenn tankou vèmisèl, diri oswa ti moso tòtiya mou

Anvan yo Dòmi
- bay tete **oswa** bay 6 a 8 ons fòmil

Sonje: Bay tete plis pa jou kapab nesesè, espesyalman pou tibebe pi jèn yo.

8 a 10 mwa
- Kontinye bay manje pire pandan wap kòmanse tibebe-w ak kèk manje kraze ak manje moulen.
- Kite tibebe-w kòmanse manje kèk manje avèk dwèt li.
- Bay tibebe-w manje lè tout moun nan kay la ap manje. Manje avèk tibebe-ou va ba li plis anvi pou li eseye nouvo manje.

10 a 12 mwa
- Kontinye bay manje pire, kraze ak moulen pandan wap kòmanse tibebe-w ak kèk manje mou, manje rache.
- Kite tibebe-w kòmanse manje pou kont li ak kiyè.
- Tan ke tibebe-w kòmanse ap manje plis manje solid e bwè nan gode, ou kapab retire li nan bibwon.